Rakabhi Anoteerera Zvaanoudzwa

JOSHUA CHITSAUKO 2 NE6

Sarudzai nyaya dzamunoona kuti dzichanakidza uye dzichabatsira mwana wenyu. Kurukurai nyaya dzacho semhuri.

VERENGAI JOSHUA CHITSAUKO 2 NE6

Kana mapedza, chiverengai Nyaya Ine Mufananidzo (palndaneti kana papepa rakaprindwa), mokurukura mibvunzo iri kwokupedzisira kwacho.

ITAI IZVI: Teererai mutambo unonzi *Jehovah Delivers Those Calling Upon His Name.* Chikurukurai mibvunzo iyi semhuri: (1) Nei Jehovha akaponesa Rakabhi nevaGibhiyoni ivo vakanga vasiri valsraeri? (2) Izvozvo zvinokudzidzisai chii nezvaJehovha? (Verengai Pisarema 34:15; Mabasa 10:34, 35.) Dhaunirodhai mutambo uyu pawww.jw.org papeji reChirungu. Tarisai pakanzi PUBLICATIONS > DRAMAS.

DZIMWE NYAYA DZAMUNOGONA KUPRINDA



KUDZIDZISA PACHISHANDISWA MIFANANIDZO

DZIDZIRAI KUDHIROWA Batsirai mwana wenyu kudhirowa Rakabhi, achitresera pikicha iri padivi. Kana mapedza, itai kuti apende pikicha yaadhirowa.



NYAYA YOKUDZIDZA

MAKADHI ANOMECHANA Kana mwana wenyu apedza kucheka makadhi acho, itai kuti ashandise magwaro nemashoko ari pakanzi zvingangokubatsira kuti agone kumechanisa makadhi acho.

CHENGETA UDZIDZE

KADHI REMUNHU WOMUBHAIBHERI Verengai nhoroondo yomunhu wacho nemwana wenyu. Bvunzai mibvunzo iri pakadhi racho. Semhuri, shandisai kadhi iri nemamwe ari pajw.org kuti muwane vanhu 2 vomuBhaibheri vakambotanga vasinganamati Jehovha asi vakazopedzisira vava kumunamata, tisingabatanidzi Rakabhi: (1) aimbotambudza vaKristu asati ava mumishinari uye (2) mukadzi wechiMoabhi akazova mbuya vaJesu Kristu.—Rute 1:22; Mateu 1:5, 16; Mabasa 21:40–22:16.

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania